



## AVI KONT DISKRIMINASYON DAPRE SEKSYON 504

### DEKLARASYON SOU REGLEMAN

Se regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE), dapre seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon (seksyon 504), pou yo pa retire ni refize avantaj ni fè diskriminasyon kont okenn moun ki gen andikap ki kalifye nan okenn pwogram oswa aktivite DOE patwone. Y ap respekte dwa sou konfidansyalite moun ki gen andikap yo genyen.

Regleman Chanselye [A-710](#) tabli regleman ak pwosedi DOE, ladan pwosedi pou pote plent, pou elèv ki nan lekòl ak pwogram DOE ki kalifye kòm moun ki gen andikap jan yo defini sa nanseksyon 504 ak moun ki bezwen akomodasyon pou yo ka patisipe nan pwogram oswa aktivite DOE ap fè. Kontakte kowòdonatè 504 la oswa direktè a, oswa voye yon imèl nan [504Questions@schools.nyc.gov](mailto:504Questions@schools.nyc.gov), si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan aksè yon elèv DOE nan yon pwogram oswa aktivite DOE, oswa nan yon pwogram aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm DOE a.

Regleman Chanselye [A-830](#) tabli regleman ak pwosedi DOE kont diskriminasyon, tankou pwosedi pou pote plent, pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, ki itilize lokal DOE oswa ki fè entèaksyon avèk DOE.

Voye kesyon ou genyen konsènan dwa oswa pwosedi seksyon 504 pou **elèv** nan:

Pou paran ak responsab:

Section 504 Program Manager  
Office of School Health  
52 Chambers Street  
New York, NY 10007  
(212) 287-0354  
[504Questions@schools.nyc.gov](mailto:504Questions@schools.nyc.gov)

Resous ekstèn:

U.S. Department of Education Office  
for Civil Rights  
32 Old Slip, 26th Floor  
New York, NY 10005-2500  
(646) 428-3900  
<http://www.ed.gov/>

Revize an avril 2024

OFFICE OF LEGAL SERVICES • 52 CHAMBERS STREET • RM 308 • NEW YORK, NY 10007  
Telefòn: (212) 374-6888 • Fax (212) 374-5596